


## BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

### 3.1 Desain Panalungtikan

Numutkeun Zulkhairi (dina Setiadi, 2013) desain panalungtikan téh mangrupa rarancang panalungtikan nu disusun sangkan bisa meunangkeun jawabann atawa data dina matotoskeun pasualan panalungtikan. Panalungtikan nu dilampahan kudu ngagunakeun métode panalungtikan nu praktis dina prosés ngumpulkeun data.



**Gambar 3.1**  
Pamarekan jeung Metode Panalungtikan

Desain Panalungtikan ngajéntrékeun métode panalungtikan, yén nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh maké métode “Déskriptif Kualitatif”. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Panalungtikan kalawan pamarekan kualitatif (*qualitative research*) numutkeun Sukmadinata (dina Zafirahana, 2021) panalungtikan nu miboga tujuan pikeun ngadéskripsi jeung nganalisis fenomena, kajadian, kagiatan sosial, sikep, kapercayaan, persépsi, pikiran jalma sacara individu jeung kelompok.


Sababaraha data dipaké pikeun manggihan prinsip jeung keterangan nu bisa dicokot kasimpulan. Panalungtikan kualitatif sifatna induktif, hartina panyusun méré kasemptan rumusan masalah muncul tina data atawa diantepkeun pikeun diinterpretasi panalungtikan salajengna.

Data dikumpulkeun ngaliwatan obsérsasi, kaasup dészripsi dina kontéks nu lengkep dibarengan ku catetan-catetan tina wawancara kalayan teleb kana infromasi nu rék diguar. Hasil analisis dokumén jeung catetan-catetan kalawan pamarekan kualitatif boga dua tujuan utama. Kahiji, ngadéskripsikeun jeung ngaguar (*to describe and to explore*), kadua ngadéskripsikeun jeung nyaritakeun (*to describe and explain*).

Saterusna, métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaèta métode dészcriptif, numutkeun Sukmadinata (dina Zafirahana, 2021) panalungtikan ngagunakeun métode dészcriptif, boh pamarekan kuantitatif boh kualitatif, miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun fénoména nu aya. Hartina dina ieu panalungtikan ngadéskripsikeun Tarum Areuy tur bisa dilarapkeun dina matéri ajar téks budaya Sunda nu penyajian matéri ajar na luyu jeung kabutuhan kurikulum merdéka di SMPN 1 Ciawi.

### **3.2 Prosedur Panalungtikan**

Ieu panalungtikan téh miboga prosedur panalungtikan dina ngaguar Tarum areuy di kelas 7-F SMPN 1 Ciawi sangkan ieu panalungtikan miboga léngkah-léngkah nu tangtu dina ngaguar Tarum Areuy sacara objéktif akademis jeung subjéktif dina nepikeun ka siswa. Hartina siswa bisa apal naon tujuan guru asup ka kelas jeung naha ieu objék warisan budaya Sunda ngeunaan Tarum Areuy kudu di guar, nu cakupanana ngawengku kieu:

**Gambar 3.2****Prosedur Panalungtikan**

- 1) Ngagarancang Tarum Areuy jadi matéri pangajaran basa Sunda dina kurikulum merdéka, hartina Tarum Areuy bisa dipikawanoh secara administratif di lingkungan masarakat Sunda, hususna lingkungan masarakat didik di SMPN 1 Ciawi ngaliwatan kurikulum merdéka.
- 2) Ngarumuskeun masalah, hartina nilik permasalahan nu kasawang nalika matéri ajar téks budaya Sunda ngeunaan Tarum Areuy bisa didéskripsikeun jeung dilarapkeun luyu jeung kaayaan kurikulum merdéka nu aya di SMPN 1 Ciawi.
- 3) Studi Pustaka, babandingan jeung panalungtikan saméméhna ngeunaan modél pangajaran basa Sunda nu rék dilarapkeun nalika asup ka kelas.
- 4) Nyieun matéri ajar téks budaya Sunda, hartina Tarum Areuy dijadikeun objék matéri ajar pikeun lawungan nalika ngajar di kelas.
- 5) Analisis ngaliwatan métode panalungtikan déskriptif kualitatif, hartina nganalisis larapan Tarum Areuy dina modél pangajaran berbasis quizizz jadi bahan lawungan, jeung nganalisis kumaha modél pangajaran nu dilarapkeun nalika pematérian ngeunaan Tarum Areuy ditepikeun ka siswa.

- 6) Nyusun laporan panalungtikan, hartina nalika bérés komponén prosedur diluhur, laporan panalungtikan bisa kajieun kalayan tarapti.

### **3.3 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik Panalungtikan nu dipaké nyaèta aya: 1) téhnik ngumpulkeun data, jeung 2) téhnik ngolah data.

#### **3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Numutkeun Sugiyono (2017:224) téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu kuduna dilakukeun dina panalungtikan déskriptif kualitatif, ku sabab, tujuan utama tina panalungtikan téh pikeun meunangkeun data. Pangaweruh ngeunaan téknik ngumpulkeun data penting pisan pikeun panalungtik sabab hal ieu ngamungkinkeun panalungtik pikeun meunangkeun data nu nyumponan standar nu geus ditangtukeun.

Téhnik ngumpulkeun data nu bisa dibawa dina ieu panalungtikan nyaèta aya ngaliwatan obsérvasi, wawancara, alat évaluasi jeung dokuméntasi.

##### **1) Obsérvasi**

Obsérvasi numutkeun Sukmadinata (dina Zafirahana, 2021), dina dasarna mangrupa téhnik atawa cara ngumpulkeun data ngaliwatan niténan sacara langsung. Obsérvasi bisa dilaksanakeun sacara partisipatif (*participatory observation*), atawa non-partisipatif (*non participatory observation*). Bédana obsérvasi partisipatif jeung non-partisipatif bisa katitén tina peran panalungtikan dina ngalaksanakeun obsérvasi.

Panalungtikan dina obsérvasi partisipatif téh ilubiung dina kagiatanna sacara langsung, hartina dina ieu panalungtikan nu nalungtik kudu bisa niténan objék Tarum Areuy ku apal wujud jeung produkna nu bakal dijadikeun matéri ajar keur ditepikeun ka siswa, tapi, dina obsérvasi non-partisipatif mah siswa apal kana wujud Tarum Areuy ngaliwatan tiori dina matéri ajar. Dua téhnik ngumpulkeun data ieu bakal dipaké sabab sacara langsung siswa bakal wanoh kana produk pewarna Tarum Areuy nu bakal dijadikeun batik jumputan, sacara teu langsung na

siswa wanoh kana tangkal Tarum Areuy ngaliwatan matéri ajar jeung media pangajaran berbasis quizizz sacara tiori.

## 2) Wawancara

Nurutkeun Zafirahana (dina Sukmadinata, 2011:216-217), wawancara nyaèta prosedur panalungtikan nu dilaksanakeun sacara lisan ngaliwatan tatap muka sacara individu atawa kelompok, luyu jeung kabutuhan data nu diperlukeun dina panalungtikan. Wawancara ogé mangrupa wangan téhnik ngumpulkeun data nu loba dipaké, salasahijina dina panalungtikan déskriptif kualitatif.

Numutkeun Sugiyono (2019), aya tilu rupa wawancara, nyaèta wawancara terstruktur, wawancara semi terstruktur, jeung wawancara teu terstruktur. Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaèta métode wawancara semi terstruktur, nyaèta wawancara nu dilaksanakeun sacara leuwih bébas dibandingkeun jeung wawancara terstruktur nu leuwih ketat tur kaku. Wawancara semi terstruktur ieu miboga tujuan pikeun meunangkeun informasi sangkan kapanggih masalah-masalah nu sipatna leuwih terbuka, hartina, réspondén dina ngawawancara ditanyakeun pamadegan jeung gagasanana.

Dina ieu panalungtikan wawancara dipilampah ka salasahiji tokoh masarakat, kagiatan wawancara nu dipilampah dina ieu panalungtikan ku cara niténan langsung ka tempat Pondok Pasantrénu Muara, di Kampung Bantarkalong, Kacamatan Cipatujuh, Kabupatén Tasikmalaya, Provinsi Jawa Barat, Indonesia.

## 3) Alat Évaluasi

Alat évaluasi nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaèta ngaliwatan angkét *google form* nu sacara téhnis di kirim ka unggal kelompok di kelas, tuluy siswa ngeusian babarengan ngeunaan capaian hasil pangajaran nu geus dipilampah di kelas. Numutkeun Zafirahana (dina Herlina, 2019:1), kuisioner atawa angkét nyaèta métode ngumpulkeun data nu dilakukeun maké cara member atawa ngajukeun saperangkat pertanyaan atawa pernyataan tinulis ka réspondén.

Tuluy, angketna dieusian ku respondén luyu jeung kahayang réspondén sacara indepénen tur eweuh paksaan. Sanggeus dieusian ku réspondén, angkétna

dianalisis nepi ka meunang infromasi nu dibutuhkeun. Alat évaluasi dina ieu panalungtikan miboga eusi sapuluh patalékan jeung format waleran nu bakal di waler ku siswa, format waleran nu bakal diwaler ku siswa mangrupa pilihan ganda jeung paragrap nu gumantung kana eusi jawaban dina pilihan ganda.

#### **4) Dokuméntasi**

Numutkeun Zafirahana (dina Sukmadinata, 2011:221), studi dokuméntasi nyaèta téhnik ngumpulkeun data ku cara ngumpulkeun jeung nganalisis dokumén, boh ku tulisan, gambar atawa dokumén éléktronik. Dokumén nu dikumpulkeun tuluy dipilih dumasar kana tujuan jeung fokus masalah.

Dokuméntasi nu dipilampah dina ieu panalungtikan nyaèta dina nalika prung na kagiatan panalungtikan nu lokasina di sakola, di kelas, atawa di lokasi nalika keur wawancara, nu miboga tujuan pikeun nambahin infromasi ngeunaan panalungtikan. Dokuméntasi dina ieu panalungtikan ngagunakeun média HP ngaliwatan aplikasi kaméra, edit foto, jeung rékaman, nu hasilna bakal di-*input* dina ieu panalungtikan boh dina jero bab atawa dina lampiran.

##### **3.3.2 Téhnik Ngolah Data**

Téhnik ngolah data nyaèta prosés nu ngawengku ngumpulkeun, ngolah, nyimpen jeung nganalisis data ngagunakeun pakakas atawa sistem nu tangtu pikeun ngahasilkeun infromasi nu mangpaat sarta bisa dipaké dina nyieun kaputusan. Data nu diolah bisa mangrupa data kualitatif atawa data kuantitatif nu dimeunangkeun tina rupa-rupa sumber saperti survéy, panalungtikan atawa sumber data séjennna (Maharani, 2024).

Téhnik ngolah data nu baris digunakeun dina ieu panalungtikan nyaèta kieu: analisis déskripsi jeung fungsi tarum areuy, jeung analisis modél pangajaran berbasis quizizz.

###### **1) Analisis Déskripsi jeung Fungsi Tarum Areuy**

Dina ieu panalungtikan analisis déskripsi jeung fungsi ngeunaan Tarum Areuy dipedar dumasar kana aspék ngaran, sajarah jeung kamandang masarakat lokal. Nu

rujukanna tina dokumén panalungtikan, *blogspot* jeung wawancara sacara langsung.

## 2) Analisis Modél Pangajaran

Dina ieu panalungtikan analisis modél pangajaranna nyaéta aya SFL-GBA nu métode nepikeunna ku cara maca jeung merhatikeun guru kalayan waktu nu geus ditangtukeun, saterusna nyieun batik jumputan sanggeus nyiapkeun alat jeung bahan au geus ditangtikeun, jeung nu pamungkas migawé soal quizizz nu eusina pilihan ganda jeung isian singkat. Sakabéh modél pangajaran nu ditepikeun ka siswa dumasar kana kaidah kurikulum merdéka dina katégori Fase D nyaéta ngeunaan siswa mampu nulis téks kalayan terstruktur pikeun ditepikeun hasil na, sarta nuliskeun tanggapanna tina hasil bacaan dumasar kana pangaweruhna, sarta siswa mampuh pikeun aktip dina diskusi, préséntasi, jeung nangkep kana penyajian téks fiksi jeung non fiksi luyu jeung kaidah basa jeung norma budaya Sunda.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta aya: 1) instrumén ngumpulkeun data jeung 2) instrumén ngolah data.

Sacara umum instrumén nu rék dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta kieu:

- 1) Ruang Kelas 7-F SMPN 1 Ciawi Tasikmalaya

Ruangan kelas 7-F dipaké pikeun méré matéri pangajaran basa Sunda, ngalarapkeun panalungtikan tindakan kelas ngaliwatan prakték nyieun batik jumputan ku média Tarum Areuy, jeung ngaliwatan modél ajar berbasis Quizizz.

- 2) Matéri Ajar Téks Budaya Sunda

Matéri ajar téks budaya Sunda dibikeun ka siswa ku cara ngaliwatan média kertas ukuran A4 dibagi dua, tuluy dipaké ku tiap kelompok sina ngaregepkeun guru nalika nerangkeun pematérian ngeunaan Tarum Areuy.

- 3) Léngkah-Léngkah Nyieun Batik Jumputan

Léngkah-léngkah nyieun batik jumputan dibikeun ka siswa ku cara ngaliwatan média kertas ukuran A4 dibagi dua, tuluy guru nyontoan ka siswa kumaha cara nyieun pola batik jumputan.

- 4) Vidéo Nyieun Batik Jumputan

Vidio nyieun batik jumputan nu wangun na MP4 dikirim ka unggal ketua kelompok ngaliwatan grup *whatsapp* ketua kelompok, tuluy ditingalikeun ka unggal anggotana.

#### 5) Aplikasi Quizizz

Unggal kelompok kudu nga-*instal* aplikasi Quizizz pikeun réfléksi jeung évaluasi panalungtikan tindakan di kelas 7-F.

#### 6) Angkét Évaluasi

Angkét Évaluasi pangajaran nu rék ditepikeun ka siswa nyaèta pertanyaan jeung pernyataan ngaliwatan *google form* nu di eusian ku unggal kelompok ngaliwatan perwakilan kelompokna.

### **3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data**

Dina ieu panalungtikan Instrumén ngumpulkeun data nu diguar nyaèta aya 1) lambar obsérvasi, 2) wawancara, 3) alat évaluasi, jeung 4) dokuméntasi.

#### 1) Lambar Obsérvasi

Dina ieu panalungtikan instrumén ngumpulkeun data lambar obsérvasi ngawengku kieu:

**Tabél 3.1**  
Kagiatan jeung Objék Obsérvasi

NO.	KAGIATAN OBSÉRVASI	UDAGAN OBSÉRVASI
(1)	Niténan déskripsi jeung fungsi Tarum Areuy.	Sajarah, asal-usul ngaran, cara melak, kagunaan, jeung lokasi budidaya.
(2)	Niténan kumaha larapna matéri ajar téks budaya ngeunaan Tarum Areuy ditepikeun ka siswa kelas 7-F SMPN 1 Ciawi.	Matéri pangajaran jeung modél pangajaran.

**Tabél 3.2**  
Instrumén Obsérvasi

NO.	INSTRUMÉN LAMBAR OBSÉRVASI	KASIAPAN
(1)	Matéri ajar Tarum Areuy.	✓
(2)	Batik jumputan.	✓

(3)	Sumber jeung référensi.	✓
(4)	Panalungtikan saméméhna.	✓

## 2) Wawancara

Tina wawancara nu dipilampah ka salahiji tokoh masarakat Pa KH. Dedi Abdulloh salaku pimpinan Pondok Pasantré Muara, di Kampung Bantarkalong, Kacamatan Cipatujuh, Kabupatén Tasikmalaya, Provinsi Jawa Barat, Indonesia, dina ieu panalungtikan instrumén ngumpulkeun data wawancara ngawengku kieu:

**Tabél 3.3**  
Kagiatan Wawancara

NO.	WAKTU KAGIATAN WAWANCARA	EUSI WAWANCARA
(1)	12:30-13:20 WIB	Kagunaan Tarum Areuy pikeun masarakat umum di Tasikmalaya bagian utara jeung pikeun matéri pangajaran di sakola.
(2)	13:20-14:00 WIB	Sajarah jeung cara melak Tarum Areuy.
(3)	14:00-14:30 WIB	Kagiatan Pataruman ku <i>The Varman Institute</i> .
(4)	14:30-15:10 WIB	Cara ngabédakeun lembur maké ngaran “Tarum” dijerona melak tangkalna atawa henteu.

**Tabél 3.4**  
Instrumén Wawancara

NO.	INSTRUMÉN WAWANCARA	KASIAPAN
(1)	Patalékan wawancara.	✓
(2)	Alat rekam ( <i>HP</i> ).	✓
(3)	Alat transportasi (motor).	✓
(4)	Akomodasi.	✓

## 3) Alat Évaluasi

Tina alat évaluasi nu dipaké dina ieu panalungtikan ngaliwatan angkét *google form* nu sacara téhnis di kirim ka unggal kelompok di kelas, dina ieu panalungtikan instrumén ngumpulkeun data alat évaluasi pangajaranna ngawengku kieu:

**Tabél 3.5**  
Alat Évaluasi

NO.	PATALÉKAN	FORMAT WALERAN
(1)	Naha hidep resep kana matéri pangajaran basa Sunda ngeunaan “Tarum Areuy”?	Pilihan ganda (Resep/Henteu Resep)
(2)	Upama “Resep”, Sebutkeun matéri belah mana nu dipikaresep?	Paragraf (Gumantung kana pilihan, saupama teu milih bisa dikosongkeun)
(3)	Upama “Henteu Resep”, Sebutkeun matéri belah mana nu henteu dipikaresep?	Paragraf (Gumantung kana pilihan, saupama teu milih dikosongkeun)
(4)	Naha hidep resep kana pewarna “Tarum Areuy”?	Pilihan ganda (Resep/Henteu Resep)
(5)	Upama “Resep”, Sebutkeun alesan naha beut resep kana pewarnana?	Paragraf (Gumantung kana pilihan, saupama teu milih bisa dikosongkeun)
(6)	Upama “Henteu Resep”, Sebutkeun alesan naha beut henteu resep kana pewarnana?	Paragraf (Gumantung kana pilihan, saupama teu milih bisa dikosongkeun)
(7)	Naha hidep resep kana média pangajaran berbasis quizizz?	Pilihan ganda (Resep/Henteu Resep)
(8)	Upama “Resep”, Sebutkeun alesan naha bisa resep kana média pangajaran berbasis quizizz?	Paragraf (Gumantung kana pilihan, saupama teu milih bisa dikosongkeun)
(9)	Upama “Henteu Resep”, Sebutkeun alesan naha bisa henteu resep kana média pangajaran berbasis quizizz?	Paragraf (Gumantung kana pilihan, saupama teu milih bisa dikosongkeun)
(10)	Jieun kritik jeung saran pikeun guru nu nepikeun matéri ajar, modél ajar, jeung produk Tarum Areuy nu geus dipedar di kelas!	Paragraf

**Tabél 3.6**  
Instrumén Alat Évaluasi

NO.	INSTRUMÉN ALAT ÉVALUASI	KASIAPAN
(1)	Patalékan évaluasi pangajaran.	√
(2)	Aplikasi <i>google form</i> .	√

(3)	Aplikasi <i>whatsapp</i> .	✓
(4)	Kuota.	✓

#### 4) Dokuméntasi

Tina dokuméntasi nu dipilampah nalika prung na kagiatan panalungtikan nu lokasina di sakola, di kelas, atawa di lokasi nalika keur wawancara, nu miboga tujuan pikeun nambahán informasi ngeunaan panalungtikan, dina ieu panalungtikan instrumén ngumpulkeun data dokuméntasi ngawengku kieu:

**Tabél 3.7**  
Instrumén Dokuméntasi

NO.	INSTRUMÉN DOKUMÉNTASI	KASIAPAN
(1)	Perwakilan siswa.	✓
(2)	Aplikasi kaméra dina <i>HP</i> .	✓
(3)	Aplikasi ngédit foto atawa video.	✓
(4)	Objék sasaran dokuméntasi (wawancara, kagiatan nepikeun matéri ajar, nyieun batik jumputan, quizizz, jeung dokuméntasi lian nu patali jeung panalungtikan.	✓

#### 3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Dina ieu panalungtikan instrumén ngolah data nu diguar nyaéta aya 1) instrumén ngolah data déskripsi jeung fungsi tarum areuy jeung 2) instrumén ngolah data modél pangajaran.

##### 1) Instrumén Ngolah Data Déskripsi jeung Fungsi Tarum Areuy

Dina ieu panalungtikan instrumén ngolah data déskripsi jeung fungsi Tarum Areuy ngawengku kieu:

**Tabél 3.8**  
Analisis Déskripsi jeung Fungsi Tarum Areuy

NO.	DÉSKRIPSI TARUM AREUY	FUNGSI TARUM AREUY	RUJUKAN UTAMA
(1)	Déskripsi Tarum Areuy dumasar aspek tina asal-usul ngaranna.	Fungsi Tarum Areuy jaman kiwari.	<a href="https://ejournal.upi.edu/index.php/BS_J">https://ejournal.upi.edu/index.php/BS_J</a>

			PBSP/article/view/ 68690 nu judulna nyaèta kieu "Melacak Arti dan Makna Tarum, Tarumanagara, Ci Tarum, jeung Pataruman Melalui Pendekatan Linguistik, Sejarah, dan Budaya".
(2)	Déskripsi Tarum Areuy dumasar kana aspek sajarah.	Fungsi Tarum Areuy jaman baheula.	<a href="https://varmaninstitute.com/2020/03/3-risalah-tarum-areuy/">https://varmaninstitute.com/2020/03/3-risalah-tarum-areuy/</a> nu judulna nyaèta kieu "Risalah Tarum Areuy".
(3)	Déskripsi Tarum Areuy dumasar kana aspek puseur sawangan masarakat lokal pikeun matéri ajar téks budaya Sunda.	Fungsi Tarum Areuy dumasar kana puseur sawangan masarakat lokal pikeun matéri ajar téks budaya Sunda.	Wawancara tokoh masarakat Sunda pimpinan Pondok Pasantré Muara di Kacamatan Cipatujah, Kabupaten Tasikmalaya.

**Tabél 3.9**  
Instrumén Déskripsi jeung Fungsi Tarum Areuy

NO.	INSTRUMÉN DÉSKRIPSI JEUNG FUNGSI TARUM AREUY	KASIAPAN
(1)	Panalungtikan saméméhna ngeunaan Tarum Areuy.	✓
(2)	Gagasan panyusun.	✓
(3)	Catatan ngeunaan Tarum Areuy.	✓
(4)	Kertas A4 sacukupna pikeun pedaran matéri ajar.	✓

## 2) Instrumén Ngolah Data Modél Pangajaran

Dina ieu panalungtikan instrumén ngolah data modél pangajaran pikeun siswa ngawengku kieu:

**Tabéł 3.10**  
Analisis Modél Pangajaran

MODÉL PANGAJARAN			CAPAIAN PANGAJARAN KURIKULUM
SFL-GBA	BATIK JUMPUTAN	QUIZIZZ	
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Disajikeun téks budaya Sunda ngeunaan Tarum Areuy ka siswa pikeun dibaca salila 10 menit.</li> <li>• Sanggeus dibaca siswa diperedih pikeun merhatikeun pematérian salila 10 menit.</li> </ul>	-	-	Fase D nu kahiji, siswa mampu nulis téks kalayan terstruktur pikeun ditepikeun hasil na, sarta nuliskeun tanggapanna tina hasil bacaan dumasar kana pangaweruhna.
-	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Disajikeun léngkah-léngkah sarta alat jeung bahan pikeun nyieun batik jumputan ngagunakeun pewarna “Tarum Areuy” pikeun dibaca 5 menit,</li> <li>• Saterusna, prakték babarengan salila 35 menit.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Disajikeun patalékan 5 pilihan ganda jeung 5 patalékan eusian singkat nu kudu dijawab salila 10 menit.</li> <li>• Saterusna, guru nepikeun réfléksi salila 5 menit, tur nepikeun angkét évaluasi nu dikirim ngaliwatan pesan <i>Whatsapp</i> ka perwakilan kelompok nu kudu dieusian dina waktu istirahat</li> </ul>	Fase D nu kadua, siswa mampuh pikeun aktip dina diskusi, préséntasi, jeung nyangking inpormasi kana penyajian téks fiksi jeung non fiksi luyu jeung kaidah basa jeung norma budaya Sunda.

		atawa waktu luang saméméh balik sakola ku cara diskusi jeung kelompokna.	
--	--	--	--

**Tabél 3.11**  
Instrumén Modél Pangajaran

INSTRUMÉN MODÉL PANGAJARAN			KASIAPAN
SFL-GBA	BATIK JUMPUTAN	QUIZIZZ	
• Kertas A4 sacukupna pikeun siswa.	• Kertas A4 sacukupna pikeun siswa.	• HP Pikeun unggal kelompok pangajaran.	√
• Matéri ajar téks budaya Sunda.	• Léngkah-léngkah nyieun batik jumputan.	• Soal kuis.	√
• <i>Time keeper</i> ( <i>Aplikasi stopwatch</i> )	• <i>Time keeper</i> ( <i>Aplikasi stopwatch</i> )	• <i>Time keeper</i> ( <i>Aplikasi stopwatch</i> )	√

### 3.5 Data & Sumber Data

Dina ieu panalungtikan nu dipedar nyaèta aya: 1) data jeung 2) sumber data.

#### 3.5.1 Data

Numutkeun Isnéndés (dina Wawancara, 2024) data mangrupa kumpulan infromasi nu eusina luyu jeung kabutuhan panalungtikan. Hartina, dina ieu panalungtikan data nu bisa diasupkeun kudu mangrupa kumpulan infromasi sabudereun Tarum Areuy, matéri ajar téks budaya Sunda, modél pangajaran berbasis quizizz, kurikulum merdéka, jeung SMPN 1 Ciawi Tasikmalaya.

Numutkeun Raston jeung Reilly (dina Artrisdiyanti, 2023) data mangrupa fakta nu dicokot tina hasil obsérvasi tina fénoména alam. Fénoména alam nu dimaksud dina ieu panalungtikan dipedar ngaliwatan sumber data panalungtikan, Hartina, fakta nu dipedar jeung dimekarkeun mayoritas dimeunangkeun tina sumber data nu aya dina panalungtikan.

#### 3.5.2 Sumber Data

Sumber data nyaèta data nu bisa méré infromasi dina prosés panalungtikan, Numutkeun Sugiyono (2018:456) sumber data nu dikumpulkeun ku panalungtik

nyaèta langsung ti sumberna atawa tempat dilaksanakeunana objék panalungtikan. Sumber data nu ngagunakeun hasil wawancara ti informan ngeunaan data ngeunaan panalungtikan disebut data primer. Sumber data nu henteu langsung nyadiakeun data ka pangumpul data, dimeunangkeun ngaliwatan jalma séjén atawa dokumén disebut sumber data sekundér.

Dina ieu panalungtikan sumber data nu dipaké nyaèta sumber data sekundér. Ku sabab sumber data nu dimeunangkeun tina dokumén sakola ngaliwatan salahahiji guru nu ilubiung dina ieu panalungtikan.

Numutkeun Arikunto (2006:129) sumber data kabagi jadi tilu aya tokoh (*person*), tempat (*place*) jeung catetan (*paper*). Dina ieu panalungtikan guaran dina tiori diluhur ngawengku kieu:

### **1) Tokoh (*People*)**

#### **(1) Gelar Taufiq Kusumawardhana**

Gelar Taufiq téh salaku pupuhu Yayasan Buana Varman Semesta (BVS). Yayasan Buana Varman Semesta (BVS) ieu miboga ruang lingkup perhatian nu diwujudkeun dina tilu widang, nyaèta aya (1) pendidikan (*Department of Education*) nu unit pagawéan utamana dibéré ngaran *The Varman Institute – Pusat Kajian Sunda* (2) Ékonomi (*Department of Economy*) jeung (3) Geografi (*Department of Geography*) nu unit pagawéan utamana dibéré ngaran *PATARUMAN–Indigo Experimental Station*.



**Gambar 3.3**

Gelar Taufiq Kusumawardhana (Kusumawardhana, 2023)

Ayeuna Gelar Taufiq padumukanna di Perumahan Pangauban Silih Asih Blok R No. 37 Desa Pangauban, Kacamatan Batujajar, Kabupaten Bandung Barat, Provinsi Jawa Barat (rangkep jeung kantor BVS).

### (2) KH. Dedi Abdulloh

Pa KH. Dedi Abdulloh salaku pupuhu yayasan Pondok Pasantréñ Muara, di Kampung Bantarkalong, Kacamatan Cipatujah, Kabupatén Tasikmalaya, Provinsi Jawa Barat, Indonesia. Anjeunna salaku mantan Sekertaris Dinas Pendidikan Kabupatén Tasikmalaya.



**Gambar 3.4**

KH. Dedi Abdulloh

Kalungguhan Dedi Abdullah di pasantréñ Muara salaku pingpinan, Dedi Abdullah ngatur jeung ngokolakeun pasantréñ, ngembangkeun visi jeung misi pasantréñ, sarta ngayakeun kagiatan pasantréñ. Dedi Abdullah ogé ngokolakeun jeung ngatur sumber daya pasantréñ, kaasup sumber daya mnusa, alat jeung bahan, jeung sumber infromasi.

Dedi Abdullah ogé ngatur jeung ngatur hubungan sosial pasantréñ jeung masarakat sabudeureunana. Ieu kalebet ngatur hubungan sosial, ngatur kagiatan sosial, sareng ngatur sumber daya sosial.

### (3) Bapa Dayat Kuncén Situ Cisanti Kilometer 0 Citarum

Bapa Dayat kuncén Cisanti nu yuswana tos 70 taun langkung tapi ogé miboga stamina nu tetep ngora jeung sumanget dina ngaguar geunaan walungan Citarum, nu alamatna di Désa Tarumajaya, Kacamatan Kertasari, Kabupatén Bandung, Provinsi Jawa Barat.



**Gambar 3.5**

Bapa Dayat (Sanjaya, 2020)

Salian ti éta Bapa Dayat ogé salaku Juru Konci maqom Adipati Ukur atawa Adipati Kertamanah sarta Juru Kunci tempat pemandian patilasan Prabu Siliwangi di tempat hulu Citarum.

## 2) Tempat (*Place*)

### (1) SMPN 1 Ciawi Tasikmalaya

SMPN 1 Ciawi Tasikmalaya nu alamatna di Jl. Raya Malangbong No. 10, Sukamantri, Kec. Ciawi, Kab. Tasikmalaya Prov. Jawa Barat, palebah Lintang: -7.150800000000, Bujur: 108.147500000000 (dina *Maps*, 2024). Ieu sakola ngamimitian kagiatan atikan diajar ngajar taun 1960. Akréditasi SMPN 1 Ciawi ngabogaan akréditasi kelas A kalayan peunteun 95 (akréditasi 2018) ti BAN-S/M (Badan Akréditasi Nasional) pikeun SMP/MTs. Skor akreditasi pikeun sababaraha standar nyaèta kieu:

**Tabél 3.12**

Penteun Akréditasi

STANDAR	PENTEUN
Standar Isi	97/100
Standar Kelulusan	97/100
Standar Sarana Prasarana	94/100
Standar Sarana Pembiayaan	99/100
Standar Proses	96/100
Standar Pendidik	87/100
Standar Pengelolaan	99/100

SMPN 1 Ciawi mangrupa salah sahiji sakola nu nerapkeun kurikulum merdéka pikeun kelas VII jeung kurikulum darurat pikeun kelas VIII jeung IX, kaasup pangajaran jasmani. Hal ieu dibuktikeun ku ngalaksanakeun pangajaran muatan lokal salila 3 jam (3x30 menit) saban minggu. Ngaintegrasikeun kaarifan lokal tina kurikulum merdéka ogé bisa mantuan siswa ngarti jeung ngahargaan warisan budaya jeung pangaweruh lokal (Mutagiri, 2023).

Pasal 8 Pamaréntah Daerah, méré kasemptan ka masarakat pikeun berperan dina nepikeun saran dina palaksanaan pangajaran basa jeung sastra daerah. Hartina, pangajaran basa Sunda nu boga ciri jeung kadaerahán di widang basa jeung sastra kudu dimumulé ku masarakat didik urang Sunda sorangan.

Numutkeun (Isnendés, 2023) ciri urang Sunda téh nyaéta kieu:

- (1) Nyunda (ajén unggul kasundaan).
- (2) Nyantri (dumasar kana ajén religi).
- (3) Nyakola (dina ngalakukeun sagala paripolah kudu pinuh ku kearifan).
- (4) Nyantika (kudu profésional jeung proporsional).
- (5) Nyatria (Teges, Objéktif, Saayana, Jujur, Kompetitif, Lébér Wawanén, jeung Tanggung Jawab).

Naha faktor nyakola di dieu jadi hal nu utama, hartina, patali jeung kaarifan lokal matéri ajar téks budaya Sunda téh jadi objék nu kudu loba interasksina jeung siswa di sakola. Ku sabab siswa bakal terjun langsung ka masarakat.

Lamun objék lokasina di SMPN 1 Ciawi Tasikmalaya, maka siswa SMPN 1 Ciawi asup kana bagian wilayah geografis tatar Sunda, sagala paripolah kudu pinuh ku kaarifan lokal, hususna dina merhatikeun kaarifan lokal Tarum Areuy nu rék ditepikeun ka sabagian siswa di SMPN 1 Ciawi.

## **(2) Kelas 7 F SMPN 1 Ciawi Tasikmalaya**

Sumber data dina ieu panalungtikan téh ngawengku siswa kelas 7-F SMPN 1 Ciawi Tasikmalaya taun ajaran 2023-2024 nu jumlah sakabéhna aya 33 siswa nu diantarana jumlah lalaki aya 14 jeung jumlah awéwé aya 19, tur kabagi jadi 5 kelompok, nalika pangajaran lumangsung diperedih guru pikeun niténan kahadiran siswa pikeun mastikeun deui jumlah partisipan nu ilubiung dina ieu panalungtikan, ku sabab éta hal penting pikeun dilaksanakeun dina prosés pangajaran.

**Tabel 3.13**  
Sumber data siswa kelas 7-F

NO.	NIS	WASTA	L/A	KELOMPOK
(1)	232407010	AHMAD SYIHABUDIN	L	1
(2)	232407020	ALIFA HIBATILLAH ARIFIN	A	2
(3)	232407035	AQILA LUTFIAH KOMAR	A	3
(4)	232407036	ARGA REKSA PUTRA ERLANGGA	L	4
(5)	232407055	BELA KAMILA	A	5
(6)	232407063	DAMAR ALFITA ATTASQI	L	1
(7)	232407074	DEVI SITI LUTVIAH	A	2
(8)	232407075	DEVI SITI NUR AISAH	A	3
(9)	232407084	DRAZAT HERDIANSYAH	L	4
(10)	232407095	FAHRI SYARIF ALAMSYAH	L	5
(11)	232407110	FIZAN LANGIT RIZKY	L	1
(12)	232407126	HILMAN ARRASID	L	2
(13)	232407127	HUSNA FATIMATUZ ZAHRA	A	3
(14)	232407147	KAYLA WIDIA PRATIWI	A	4
(15)	232407158	M NIZAM AL FARIZY	L	5
(16)	232407166	MARSYA ASILAH	A	1
(17)	232407173	MOHAMMAD FAIZAL	L	2
(18)	232407183	MUHAMAD RIZKI	L	3
(19)	232407206	MUHAMMAD TAAM ABARRA	L	4
(20)	232407214	NAJLA FAUZIYYAH SALMA	A	5
(21)	232407228	NISA JULYANI	A	1
(22)	232407244	RAHMA SARI	A	2
(23)	232407265	RIKI	L	3
(24)	232407269	RISMA NABHANI SAJIDA	A	4
(25)	232407285	SALWA NANDA ADAWIYAH	A	5
(26)	232407291	SANIA NIRMALA	A	1
(27)	232407301	SHAFA NUR SAHBANI	A	2
(28)	232407312	SRI MULYANI	A	3
(29)	232407314	SULTAN BAGUS SALAM	L	4
(30)	232407343	YUSUF MAULANA SALEH	L	5
(31)	232407346	ZAHRA AGYSTA KHOIRUNNISA	A	1
(32)	232407357	RANI RISMAYA	A	2
(33)	232407364	SILVIA RISMA WARDANI	A	3

### (3) Pondok Pasantréñ Muara

Yayasan Pondok Pasantréñ Muara, di Kampung Bantarkalong, Kacamatan Cipatujah, Kabupatén Tasikmalaya, Provinsi Jawa Barat, Indonesia. Pondok Pasantréñ Muara pernah dipaké pikeun nalungtik ngeunaan Tarum.



**Gambar 3.6**

Pondok Pasantréñ Muara

Numutkeun Abdulloh (dina Wawancara, 2024) ieu tempat pernah jadi bahan panalungtikan mitra gawé *The Varman Institute*. Teu weléh bari mastikeun nahe di tempat nu lokasi na di Dusun Jibal Kampung Citarumareuy nu lokasina dekeut jeung ieu tempat aya tangkal Tarumna atawa henteu, tapi sanggeus diobsérvasi ngaliwatan kagiatan bimték jeung seminar di tempat nu ngaranna Dusun Jibal Kampung Citarumareuy, Désa Bantarkalong téh aya wujud tangkal Tarumna.

### 3) Catetan (*Paper*)

Nu diguar dina catetan nyaeta perkara dokumen ngeunaan Widang Kajian tina Yayasan Buana Varman Semesta: *The Varman Institute*. Numutkeun Kusumawardhana dina “Tentang *The Varman Institute*” (2020) *The Varman Institute* mangrupa wahana silaturahmi jeung ruang pikeun pinanggihna kagiatan keilmuan, sabab ayana paménta jeung kabutuh ti sabagian masarakat Sunda nu perlu kana ayana kelompok kerja dina kajian kasundaan. Ku kituna, tuluy dibentuk *The Varman Institute* pikeun wahana pinanggihna gagasan, kagiatan nulis, jeung kegiatan maca tina karya-karya tulis nu aya.



**Gambar 3.7**

Varman Institute

Pusat Kajian Sunda aya dina wengkuan *Department of Education, Teaching, and Training* (Widang Atikan) ti yayasan BVS, miboga ajén basis nu jelas, yén Islam geus jadi komitmen nilai jeung identitas nu teu tergugat deui di sabudereun masarakat Sunda. Ku kituna, yén Islam bakal jadi jalan hirup jeung jadi basis dina kajian pangaweruhna.

Salian ti komitmen ka Islam, yén Pusat Kajian Sunda dina *The Varman Institute* ngarujuk kana asas ilmiah nu ketat, nyaèta kieu: objektif, miboga métode, miboga sistim, jeung universal kalayan standar bebeneran nu minuhan kaidah logis, kohéren, jeung kerkorépondensif (Kusumawardhana, 2020).

Dina widang ilmiah, *The Varman Istitute* ngarujuk kana paradigma jeung pamarekan (approach) *Islamic Golden Age* (Islam Abad Pertengahan) nu miboga ciri dasar: *polymatch*, ngarépson loba subjek dan disiplin élmu, *polyglot*, ngarujuk kana rujukan sumber basa, jeung non sekular. Hartina, teu ngabéda-bédakeun ku ayana élmu dunia jeung ahérat, élmu sakola (umum) jeung élmu agama, ku sabab duanana pikeun agama jeung pikeun élmu nu penting dina kahirupan jalma muslim nu sampurna (Kusumawardhana, 2020).

Ku sabab titik tekenna urang Sunda nu berbasis kana akar jeung identitas kewilayahan, hartina, Pusat Kajian Sunda jadi miboga sifat terbuka boh ka masarakat Sunda asli boh masarakat pendatang salian ti nu mukim, jeung ka penduduk asli di Tatar Sunda. Kaasup terbuka ka dulur muslim séjén nu aya di Indonesia. (Kusumawardhana, 2020).

